

Depatman Responsab: Corporate Business Services (Sèvis pou Biznis)	YALE NEW HAVEN HEALTH RÈGLEMAN AK PWOSEDI
Tit: Financial Assistance Programs	
Dat Li Antre An Vigè: 1ye me 2025	
Moun ki bay apwobasyon an: Konsèy Administrasyon YNHHS	
Tip Règleman Sistèm nan (I oswa II): Tip I	

OBJEKTIF

Yale New Haven Health (“Yale New Haven Health” oswa “YNHHS”) pran angajman pou li bay asistans finansyè ak moun ki kalifye ki bezwen èd pou peye pou swen ijans oswa swen ki nesèsè sou plan medikal. Objektif Règleman Asistans Finansyè sa a (Financial Assistance Policy, FAP) se pou:

- A. Eksplike ki asistans finansyè ki disponib nan kad FAP la;
- B. Dekri ki moun ki kalifye pou asistans finansyè ak kòman pou yo aplike;
- C. Dekri kòman yo kalkile frè yo faktire pasyan an pou swen ijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal pou pasyan ki kalifye pou FAP yo;
- D. Idantifye founisè FAP la kouvri ak sa yo li pa kouvri;
- E. Dekri etap lopital YNHHS yo franchi pou yo vilgarize FAP la nan kominote YNHHS ap desèvi yo; epi
- F. Esplike ki mezi rekouvremant ki kapab pran kont moun ki pa peye fakti Yale New Haven Health yo.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplikab pou chak lopital ki gen lisans epi ki afilye avèk YNHHS, ki gen landan Bridgeport Hospital, Greenwich Hospital, Lawrence + Memorial Hospital, Yale New Haven Hospital ak Westerly Hospital (chak se yon “Lopital”). An plis, Northeast Medical Group, Yale New Haven Health Urgent Care, Visiting Nurse Association of Southeastern Connecticut, ak Home Care Plus respekte pwogram asistans finansyè a (chak se yon “Founisè YNHHS ki Pa Lopital”).

RÈGLEMAN

- A. Ofisye ki Responsab la.** Vis Prezidan Prensipal YNHHS la, Sik Revni oswa reprezantan li pral sipèvize FAP YNHHS la.
- B. Domèn Entèkansyon ak Lis Founisè**
 - 1. **Swen Ijans ak Lòt Swen ki Nesèsè Sou Plan Medikal.** FAP sa aplike pou swen ijans ak lòt swen ki nesèsè sou plan medikal, ki gen ladan swen pou pasyan entèn ak pou pasyan ekstèn, kote se yon Lopital oswa Founisè YNHHS ki Pa Lopital k ap bay fakti a. FAP sa ekskli:

Règleman Pwogram Asistans Finansyè

(a) chanm prive oswa sèvis yon enfimyè prive; (b) sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal, tankou operasyon estetik fakiltatif; (c) lòt frè komodite fakiltatif, tankou frè televizyon ak telefòn, epi (d) lòt rabè oswa rediksyon nan frè ki pa dekri klèman nan règleman sa a.

2. **Lis Founisè.** Ou ka jwenn yon lis founisè ki bay swen ijans ak lòt swen ki nesèsè sou plan medikal nan yon Lopital isit la:

<https://www.ynhh.org/patients-visitors/billing-insurance/Financial-assistance>

Lis la endike si founisè a kouvri anba FAP la. Si founisè a pa kouvri anba FAP sa a, pasyan yo dwe kontakte biwo founisè a pou detèmine si founisè a ofri asistans finansyè epi si se wi, kisa règleman asistans finansyè founisè a kouvri.

3. **Konfòmite avèk Lwa sou Trètman Medikal Ijans ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA)** Lopital yo gen obligasyon pou konfòme yo avèk Lwa sou Trètman Medikal Ijans ak Travay Aktif (EMTALA) an akò avèk règleman yo epi yo gen entèdiksyon tou pou yo patisipe nan aktivite ki ta ka dekouraje yon moun chèche swen medikal ijans. Pa gen anyen nan FAP sa a ki anpeche obligasyon yon lopital genyen anba EMTALA pou trete pasyan ki nan sitiyaasyon medikal ki mande ijans.

C. Pwogram Asistans Finansyè

1. **Kondisyon Kalifikasyon Jeneral.** Pasyan yo pral kalifye pou yon ajisteman asistans finansyè pou montan lajan yo menm yo dwe pou swen ijans ak/oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal (men se pa sou montan yon twazyèm pati peyè dwe) si yo satisfè kritè ki vini annapre yo:

- Pa (i) gen asirans epi pa kalifye pou okenn pwogram swen sante gouvènmantral oswa yon plan sante kalifye ki disponib atravè Lwa sou Swen Abòdab, oswa (ii) pa gen ase asirans;
- Viv Ozetazini;
- Satisfè kritè revni ki dekri anba a;
- Soumèt yon aplikasyon konplè avèk dokiman ki nesèsè yo, oswa otreman satisfè kritè pou kalifikasyon ki etabli yo jan sa dekri anba a; epi
- Kowopere pou fè aplikasyon pou Medicaid oswa nenpòt lòt pwogram pèman yon twazyèm pati ki kapab disponib.

2. Kritè Revni

- a. **Swen Gratis.** Si revni famiyal anyèl brit la enferyè oswa egal a 250% Gid Nivo Povrete Federal la (*gade Atachman 1*), yon pasyan kapab kalifye pou jwenn swen gratis (yon rabè 100% sou balans kont pasyan an)
- b. **Swen Avèk Rabè.** Si revni famiyal anyèl brit la sitiye ant 251% ak 550% nan Gid Nivo Povrete Federal la, yon pasyan kapab kalifye pou jwenn yon rabè jan sa prezante nan *Atachman 1 an*. Pou pasyan ki gen asirans, rabè a ap aplike sou balans ki rete sou kont pasyan an apre asirans lan oswa yon twazyèm pati peyè fè pèman an.

Règleman Pwogram Asistans Finansyè

- c. **Endijans Medikal.** Yo kapab akòde yon asistans finansyè tou avèk pasyan ki pa satisfè kritè revni ki anwo yo, men ki gen fakti medikal yo ki depase kèk pousantaj nan revni oswa byen fanmi an.
3. **Fon pou kabann lopital.** Yon pasyan kapab kalifye pou resevwa asistans finansyè fon pou kabann gratis yo bay yon lopital pou bay swen medikal avèk pasyan ki ka pa kapab peye swen lopital yo. Fon sa yo konstitye yon ti pòsyon nan finansman global pou asistans finansyè epi kalifikasyon an pran an konsiderasyon restriksyon donatè yo enpoze ak, kote sa aplikab, nominasyon kandida fon yo fè. Y ap konsidere otomatikman tout pasyan ki ranpli aplikasyon asistans finansyè yo egzijje a pou fon kabann lopital yo.
4. **Lòt Pwogram Asistans Finansyè Espesifik pou Yon Lopital.** Greenwich Hospital bay asistans finansyè ak kèk moun ki te pasyan ansyen klinik swen primè pou pasyan ekstèn nan Greenwich Hospital pou sèvis pasyan entèn ak pasyan ekstèn nan Greenwich Hospital.

Se règleman Yale New Haven Health pou pran desizyon konsènan asistans finansyè san diskriminasyon. Nou pa pran desizyon an fonksyon laj, jan, ras, koulè, peyi orijin, eta sivil, estati sosyal oswa estati imigran, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon jan, afilyasyon relijye, ankikap, estati veteran oswa militè oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi. YNHHS kapab, selon diskresyon li, apwouve yon asistans finansyè ki andeyò kad Règleman sa a.

D. Limitasyon Depans pou Sèvis Lopital

Lè yon pasyan kalifye anba règleman sa a pou swen avèk rabè, men se pa swen gratis pou sèvis lopital ki kalifye, yo pa pral faktire pasyan an plis pase montan yo jeneralman faktire (amount generally billed, "AGB") moun ki gen yon asirans ki kouvri swen sa.

1. **Fason AGB Kalkile.** YNHHS kalkile AGB a chak ane pou chak lopital pandan l ap itilize “metòd gade dèyè” an akò avèk règleman fiskal federal yo epi ki baze sou tarif sèvis gratis Medicare genyen an, ki gen ladan montan pataj frè benefisyè Medicare ak tout asirans sante prive k ap peye reklamasyon a chak etablisman lopital pou lane fiskal anvan an. YNHHS kapab aplike pousantaj rabè a pou chak lopital, oswa li kapab chwazi itilize pousantaj rabè ki pi favorab pou pasyan YNHHS yo. Rabè AGB yo endike nan Atachman 1 an.

E. Aplikasyon pou Asistans Finansyè

1. **Fason pou aplike.** Pou aplike pou asistans finansyè, yon pasyan dwe ranpli aplikasyon YNHHS la pou asistans finansyè (“Aplikasyon”), sof nan ka ki prevwa pi ba yo. Aplikasyon an disponib:
 - a. Anliy nan www.ynhhs.org/financialassistance ak sou sitwèb chak lopital YNHHS.
 - b. An pèsòn nan nenpòt zòn admisyon oswa anrejistreman pasyan Lopital YNHHS.
 - c. Atravè lapòs pandan w ap rele epi mande Sèvis Finansyè Pasyan (Patient Financial Services) yon kopi gratis nan (855) 547-4584.

2. **Aplikasyon.** Aplikasyon an dekri (i) pwogram asistans finansyè ak egzijans kalifikasyon yo, (ii) dokiman ki nesèsè pou detèminasyon kalifikasyon, epi (iii) enfòmasyon sou kontak pou asistans FAP. Aplikasyon an eksplike tou (i) YNHHS pral reponn chak Aplikasyon alekri, (ii) pasyan yo kapab fè yon nouvo aplikasyon pou asistans finansyè nan kad FAP a nenpòt kilè, epi (iii) gen lòt fon pou kabann gratis ki disponib chak lane. YNHHS pa pral refize yon asistans finansyè nan kad FAP paske yon moun pa founi enfòmasyon oswa dokiman FAP oswa Aplikasyon an pa egzije nan kad Aplikasyon an.
3. **Pasyan ki kalifye pou FAP.** Lopital YNHHS yo pral fè efò ki rezonab pou detèmine kalifikasyon epi dokimante tout detèminasyon kalifikasyon pou asistans finansyè nan kont pasyan sa konsènan an. Yon fwa YNHHS fin detèmine yon pasyan kalifye pou FAP, YNHHS pral:
 - a. Bay yon relve faktirasyon endike montan lajan moun nan dwe kòm yon pasyan ki kalifye pou FAP, ki gen ladan kòmman yo te detèmine montan an epi endike, oswa dekri kòmman moun nan ka jwenn enfòmasyon konsènan AGB a pou swen si sa aplikab;
 - b. Ranbouse moun nan nenpòt montan lajan li te peye pou swen ki depase montan lajan yo detèmine pou li peye pèsònèlman kòm yon moun ki kalifye pou FAP, sof si montan lajan ki depase sa se yon montan ki mwens pase \$5, oswa lòt montan lajan Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Services, IRS) la fikse; ak
 - c. Pran mezi rezonab pou anile tout mezi rekouvremant ekstrawòdinè.
4. **Kalifikasyon Prezime.** YNHHS kapab detèmine kalifikasyon pou swen gratis oswa swen avèk rabè dapre Règleman sa a, sou baz enfòmasyon konsènan sitiyasyon lavi yon pasyan li jwenn apati lòt sous anplis pasyan an; ki gen ladan sous ki vini annapre yo oswa sous ki sanble:
 - a. Nan non chak lopital yo, YNHHS itilize yon lòt zouti pou li idantifye moun ki gen balans otopèman ki pa aplike pou asistans finansyè, men ki gen yon revni ki mwens oswa egal a 250% Nivo Povrete Federal la (*sa vle di* ki kalifye pou swen gratis). Si yo idantifye yon pasyan atravè pwosesis sa a, yo kapab ajiste balans lopital li yo pou li ka resevwa swen charite (ki gratis).
 - b. YNHHS afilye avèk Yale University epi li se sant sante akademik pou Yale School of Medicine. Pasyan ki pa gen asirans k ap resevwa swen primè nan klinik etidyan Yale University yo ap jere a pou moun ki gen revni ki fèb yo, ki gen ladan Haven Free Clinic, kapab konsidere kòm prezime kalifye pou swen gratis oswa swen avèk rabè san yo pa oblije ranpli aplikasyon pou asistans finansyè, depi YNHHS resevwa konfimasyon an sou yon fòm Vis prezidan, Sik Revni a aksepte, ki di moun nan se yon pasyan ki nan youn nan klinik sa yo.
 - c. YNHHS kapab itilize detèminasyon kalifikasyon anvan yo pou detèmine si moun nan kalifye ankò pou swen charite anba FAP sa a.

F. Relasyon ak Pratik Rekouvremant YNHHS

Yon lopital YNHHS (ak tout ajans rekouvremant oswa yon lòt pati li ta gen dèt pou li) pa pral pran okenn mezi rekouvremant ekstrawòdinè (extraordinary collection action, "ECA") anvan 120 jou aprè premyè deklarasyon faktirasyon aprè egzeyat la pou swen. Pa gen okenn ECA k ap pran jiskaske YNHHS fè efò rezonab pou detèmine si yon pasyan oswa nenpòt lòt moun ki gen responsabite finansyè pou yon kont otopèman (Moun Responsab la) kalifye pou asistans finansyè nan kad FAP a jan Mesye Vis prezidan, Sik Revni a oswa reprezantan yo konfime epi apwouve.

Lopital la pral swiv sik Kont Debitè li yo an akò avèk pwosesis ak pratik operasyonèl entèn yo. Nan kad pwosesis ak pratik sa yo, YNHHS pral enfòme pasyan yo konsènan FAP li a apati dat li te bay swen an ak pandan tout sik faktirasyon an (oswa pandan peryòd lalwa egziye a, si li pi long) atravè metòd ki gen ladan:

1. Tout pasyan yo pral resevwa yon rezime FAP sa nan yon langaj ki senp epi yon fòm aplikasyon pou asistans finansyè anba FAP la nan kad pwosesis egzeyat oswa admisyon nan yon lopital.
2. Yo pral voye atravè lapòs oswa atravè imèl omwen twa deklarasyon separe pou rekouvremant nan dènye adrès pasyan an ak nenpòt lòt Moun ki Responsab pandan yon peryòd omwen swasant (60) jou; sepandan, yo p ap voye okenn deklarasyon adisyonèl aprè yon Moun ki Responsab fin soumèt yon aplikasyon konplè pou asistans finansyè anba FAP oswa aprè li fin peye l nèt. Pasyan an oswa Moun ki Responsab la dwe bay yon adrès lapòs kòrèk nan moman sèvis la oswa nan ka demenajman. Si kont yon pasyan pa gen yon adrès ki valab, y ap konsidere YNHHS te fè "Efò Rezonab" pou detèmine kalifikasyon pasyan an anba FAP sa a. Tout deklarasyon kont pasyan endividyèl pral genyen ladan:
 - a. Yon rezime sou sèvis lopital deklarasyon an kouvri;
 - b. Depans pou sèvis sa yo;
 - c. Montan yo egziye pou Moun ki Responsab la peye a (oswa, si yo pa konn montan an, yon estimasyon bon fwa apati dat premyè deklarasyon an); epi
 - d. Yon avi alekri ki vizib sou disponiblite asistans finansyè anba FAP la ki gen ladan nimewo telefòn depatman an ak adrès sitwèb dirèk kote yo kapab jwenn kopi dokiman yo.
3. Omwen youn nan deklarasyon yo te voye atravè lapòs oswa atravè imèl yo pral dekri ECA YNHHS prevwa pran yo si Moun ki responsab la pa aplike pou asistans finansyè anba FAP la oswa pa peye montan li dwe a nan delè ki nan fakti a. Yo dwe bay Moun ki Responsab la deklarasyon sa yo omwen 30 jou anvan dat limit ki espesifye nan deklarasyon an. Yon rezime FAP sa nan yon langaj senp ap akonpaye deklarasyon sa a.

Règleman Pwogram Asistans Finansyè

4. YNHHS pral eseye kontakte Moun ki Responsab la nan telefòn nan dènyè nimewo yo te genyen an, si genyen, omwen yon fwa nan kad seri deklarasyon y ap voye atravè lapòs oswa atravè imèl yo. Pandan tout konvèsasyon yo, pasyan an oswa Moun ki Responsab la pral jwenn enfòmasyon sou asistans finansyè ki kapab disponib anba FAP la.
5. Sou rezèv respè dispozisyon FAP sa a, YNHHS kapab pran nenpòt ECA ki endike nan Atachman 2 a pou eseye jwenn pèman pou sèvis medikal li bay.

G. Disponiblite Règleman

Kopi FAP sa a, yon rezime FAP sa a nan langaj ki senp ak Aplikasyon pou FAP la disponib sou www.ynhhs.org/financialassistance.

YNHHS pral mete disponib kopi papye FAP sa a, yon rezime FAP la nan yon langaj senp epi Aplikasyon pou FAP sou demann, san frè, atravè lapòs oswa nan chak YNHHS Emergency Depatman (Depatman Ijans Lopital YNHHS), ak nan tout pwen anrejistreman yo. Fòm papye yo pral disponib an Anglè ak nan lang matènèl tout popilasyon ki gen kapasite limite nan lang Anglè ki konstitiye mwens pase 1,000 moun oswa 5% oswa plis pase popilasyon lopital YNHHS desèvi a. Gade Atachman 3 pou jwenn yon lis lang.

Pasyan an dwe kontakte Sèvis pou Biznis yo gratis nan (855) 547-4584 pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon oswa pwogram ki kapab disponib, pou mande yon kopi FAP sa a, yon rezime FAP sa a nan langaj senp, Aplikasyon pou FAP, oswa Règleman Faktirasyon ak Rekouvremant pou voye atravè lapòs, oswa pou jwenn kopi FAP sa a, Rezime nan lang senp, oswa Aplikasyon pou FAP ki tradwi nan yon lòt lang ki pa Anglè. Anplis sa, Pasyan an kapab mande Patient Registration Social Work/Case Management (Sèvis Anrejistreman Pasyan, Sèvis Finansyè Pasyan yo ak Sèvis Travay Sosyal/Jesyon Dosye) yo kòman pou li kòmanse pwosesis aplikasyon FAP la.

Lòt efò pou vilgarize FAP la gen ladan piblikasyon avi nan jounal gran piblik; bay avi alekri sou FAP la nan deklarasyon faktirasyon yo; bay avi sou FAP la nan komunikasyon oral avèk pasyan yo konsènan montan yo dwe; epi òganize seyans pòt louvri ak seyans lòt enfòmasyon.

H. Konfòmite avèk Lwa Eta a

YNHHS dwe konfòme li avèk Lwa Eta a, ki gen ladan, san li pa limite ak, lwa jeneral Connecticut ki regle dosye rekouvremant lopital yo fè sou pasyan ki pa gen asirans yo, *Estanda nan tout Eta Rhode Island sou Swen Charite*, jan sa dekri nan Seksyon 11.3 Rhode Island Department of Health Rules and Regulations Pertaining to Hospital Conversations (Règleman ak Prensip Depatman Sante Rhode Island konsènan konvèsyon lopital yo) (“règleman RI”) epi *lwa Estanda nan tout Eta a pou Swen moun pa Touche pou yo*, jan sa endike nan seksyon 11.4 Règleman RI a, ak lwa Pratik Sivil New York ki entèdi founisè swen sante New York yo pou fè moun k ap pran swen sante a bay rezidans prensipal la kòm garanti l ap peye dèt medikal li genyen.

Règleman Pwogram Asistans Finansyè

REFERANS

- A. Internal Revenue Code 501(c)(3)
- B. Internal Revenue Code 501(r)
- C. Conn. Gen. Stat. § 19a-673 et seq.
- D. RI Regulations 11.3 and 11.4
- E. NY Civil Practice Law Section 5.201(b)

RÈGLEMEN KI GEN RAPÒ

Faktirasyon ak Rekouvremen

EMTALA: Egzijans Depistaj Medikal/Estabilizasyon, Gad ak Transfè

ATACHAMAN YO

- A. Atachman 1: Federal Poverty Guidelines (FPG) & Financial Assistance
- B. Atachman 2: Extraordinary Collection Actions
- C. Atachman 3: Limited English Proficiency Languages

ISTWA RÈGLEMEN YO

A. Dat Orijin Règleman	20 septanm 2013; 1 janvye 2017 (LMH & WH)
B. Ranplasman	Pwogram Asistans Finansyè Yale New Haven Hospital pou Sèvis Lopital (NC:F-4); Règleman Yale New Haven Hospital - Distribisyon Fon pou Swen Gratis NC:F-2; Pwogram Asistans Finansyè Bridgeport Hospital pou Sèvis Lopital (9-13); Apèsi sou Pwogram Asistans Finansyè Greenwich Hospital pou Sèvis Lopital; Règleman Swen Charite, Asistans Finansyè, Fon Kabann Gratis Lawrence + Memorial Hospital ak Westerly Hospital; Règleman ak Pwosedè Greenwich Hospital Outpatient Center
C. Apwouve avèk revizyon	01/21/2015; 09/30/2016; 12/16/2016; 06/01/2017; 07/15/2018; 6/15/2020; 11/30/2023; 2/28/2025
D. Apwouve san revizyon	01/19/2023 (Mizajou Atachman 1); 01/24/2024 (Mizajou Atachman 1); 7/6/2024 (Mizajou Atachman 1); 1/30/2025 (Mizajou Atachman 1)

Règleman Pwogram Asistans Finansyè

Atachman 1

Gid Federal sou Povrete (FPG) ak Asistans Finansyè

A chak peryòd, Depatman Sante Ameriken ak Sèvis Imen an mete ajou montan FPG yo nan Rejis Federal la. Montan FPG aktyèl yo disponib sou <http://aspe.hhs.gov/poverty-guidelines>

Apati 29 Janvyè 2026, montan FPG yo te konsa. Montan sa yo ka chanje. Pasyan ki kalifye pou asistans finansyè anba Règleman sa a pral resevwa asistans konsa:

	Non FAP	<u>Swen Gratis</u>	<u>Swen Avèk Rabè</u>
	Kalifikasyon pou Kouvèti	Pasyan Ki Gen Asirans oswa Ki Pa Gen Asirans	Pasyan Ki Gen Asirans oswa Ki Pa Gen Asirans
	Rabè	100%	Bridgeport Hospital – 69% Greenwich Hospital – 68% Lawrence + Memorial Hospital – 72% Yale New Haven Hospital – 67% Westerly Hospital – 76% Founisè YNHHS Ki Pa Lopital – 65%
	Kalifikasyon pou Revni Brit	0% - 250% FPL	251% - 550% FPL
Kantite Moun ki nan Fanmi an	1	\$0 - \$39,900	\$39,901 - \$87,780
	2	\$0 - \$54,100	\$54,101 - \$119,020
	3	\$0 - \$68,300	\$68,301 - \$150,260
	4	\$0 - \$82,500	\$82,501 - \$181,500
	5	\$0 - \$96,700	\$96,701 - \$212,740

Yo kalkile pousantaj AGB yo chak lane. AGB (% depans) pou lane sivil 2026 pou chak lopital se: Bridgeport Hospital 31.47%, Greenwich Hospital 32.57%, Lawrence + Memorial Hospital 28.52%, Yale New Haven Hospital 33.89%, epi Westerly Hospital 24.08%.

Atachman 2

MEZI REKOUVREMAN EKSTRAWODINÈ

Privilèj sou Pwopriyete

Yo otorize privilèj sou rezidans pèsonèl sèlman si:

- a) Pasyan an te gen posiblite pou li aplike pou fon kabann gratis oswa li pa te reponn, refize oswa yo jije li pa kalifye pou fon sa a;
- b) Pasyan an pa te aplike oswa li pa kalifye pou lòt asistans finansyè anba Règleman Asistans Finansyè Sistèm nan, pou ede li peye dèt li, oswa li kalifye, an pati, men li pa peye pati pa li a;
- c) Pasyan an pa tante fè oswa pa dakò fè yon aranjman pèman, oswa li pa respekte aranjman ki fèt pou pèman an ant Sistèm nan ak pasyan an;
- d) Balans total kont lan pi plis pase \$10,000 epi pwopriyete ki dwe konsidere pou privilèj la gen yon valè ki estime a omwen \$300,000 aprè evalyasyon; epi
- e) Privilèj la ap anpeche yo rive nan sezi rezidans pèsonèl;
- f) Pou founisè swen sante nan New York, yo pa pèmèt privilèj sou rezidans pèsonèl.

Atachman 3

Konpetans Limite Nan Lang Anglè

Albanè
Arab
Bengali
Chinwa (Senplifye)
Chinwa (Tradisyonèl)
Dari
Fransè
Grèk
Goujarati
Kreyòl Ayisyen
Indi
Italyen
Koreyen
Laosyen
Pachto
Polonè
Pòtigè (Brezil)
Pòtigè (Ewopeyen)
Ris
Espanyòl (Etazini)
Tagalòg
Tik
Ikrenyen
Oudou
Vyetnamyen